

## Chikamu Chinoona Nezvekururamisa uye Mikana Yevechidiki

# Mibvunzo Inowanjobvunzwa Nevemumhuri

**Bepa iri rakagadzirirwa kupindura mibvunzo ine zvekuita nekupinzwa kwevana muzvirongwa zvekururamisa zveOCFS.** Zvakakosha kuti mhuri dzizive kuti dzotaraisirei, kuti kodzero dzevana vavo ndedzipi, uye kuti rubatsiro runowanika kupi. Bepa iri richapindura mibvunzo inowanjobvunzwa kuti zviitire mhuri nyore kubatsira vana vavo panguva iyi. **Kana muine mimwe mibvunzo, tapota taurai namaneja akapiwa basa rekuona nezvenyaya yemwana wenyu.**

### 1. MaOCFS, maDDC nemaACS masangano mamwe chete here?

Kwete, OCFS (PaChirungu, Office of Children and Family Services) ihofisi yemuNew York State yevana nemasevhisi emhuri. OCFS isangano remuNew York State rinoona nezvenzvimbo pfumbamwe dzinogarwa nevana dzinoona nezvekururamiswa kwavo, uyewo dzine vashandi vanoshanda nevana nemhuri dziri munharaunda. Vana vanoendeswa muOCFS zvichibva nekudare renyaya dzemhuri kana rekuparwa kwemhosva remuNew York. DSS (kana LDSS, paChirungu Local Department of Social Services) zvinoreva dhipatimendi rinowanisa rubatsiro renharaunda ine utongi hwayo kana reguta. ACS (PaChirungu Administration for Children's Services) idhipatimendi remuNew York City rinowanisa vana rubatsiro.

### 2. Nei mwana wangu akabviswa pabhajeti yeruyamurorweveruzhinji yangu?

Kana vana vaiswa zviri pamutemo mumaoko eNew York State kuti ivachengetedze, vanokwanisa kubviswa pabhajeti yemhuri yeruyamuro rweveruzhinji. Mitemo yehurumende inoti mari yeruyamuro rweveruzhinji inoshandiswa nemunhu ari kuchengeta mwana. Panguva zhinji, munhu ari kuchengeta mwana anenge ari mubereki, muchengeti wepamutemo, kana sangano rinorera vana. Vana pavanenge vachigara munzvimbo dzemaOCFS vanenge vachichengetwa neNew York State panzvimbo pemubereki/muchengeti wepamutemo, saka vanogona kubviswa pabhajeti yeruyamuro rweveruzhinji yemhuri dzavo.

### 3. Nei rubatsiro rwevakapukunyuka uye/kana rwevakaremara rwaiguma rwaendeswa kumaOCFS/LDSS/ACS?

Ruyamuro rwevakapukunyuka harwumboendeswi kumaOCFS/LDSS/ACS. Kana makanga makaudzwa kuti ndizvo zvinoitwa, hazvisirizvo. Kana muine mibvunzo maererano neruyamuro rwevakapukunyuka, tapota batai vanowanisa ruyamuro rwehurumende veSocial Security Administration.

### 4. Nei ndiri kutarisirwa kubhadhara mibhadharo yemubereki, kana yerutsigiro rwemwana, kana mutongi akaisa mwana wangu kuOCFS?

Nharaunda ine utongi hwayo inotarisirwa kubhadhara chikamu chemari inobhadharirwa mwana kuti agare panzvimbo yeOCFS. Nharaunda ine utongi hwayo inogona kukumbira mutongi kurayira mhuri kuti idzorere nharaunda ine utongi hwayo chimwe chikamu chemari yakashandiswa pakubhadhara.

### 5. Mwana wangu achawana dzidzo yakaita sei achigara munzvimbo yeOCFS?

Nzvimbo dzeOCFS dzine urongwa hwechikoro chepakati nechikoro chepamusoro gore rese. Nzvimbo dzacho dzinopawo dzidzo yakasiyana neimwe pamwe neinobatsira vana vanonetseka kutaura kana kuita zvimwe zvinhu, kusanganisira kudzidzira basa uyewo mabasa emaoko dzichibatsirana nemasangano eruzhinji emunharaunda kana kuti maBOCES. Nzvimbo yacho ichakumbira zvinyorwa zvenhoroondo yemwana kudunhu rekumba kwemwana kuti ione kuti yopa mwana dzidziso ipi yakakodzera. Nzvimbo yacho ichagadzira chironzwa chedzidzo inoenderana nemwana (PaChirungu, Individualized Education program-IEP), ichinzwa zvinotaurwa nemubereki, kuitira mwana wese ane hurema. Vana vanokwanisa kunyora bvunzo dzeNew York State Regents uye pavanenge vari panzvimbo yeOCFS vanokwanisa kuwana dhipuroma reGED kana rechikoro chepamusoro. Nzvimbo idzi dzinopawo makosi ekukoreji nepamhepo dzichishandidzana nemakoreji emunharaunda. Vana vanokwanisawo kupinda muzvirongwa zvekudzidzira mabasa emaoko nezvinovawanisa zvitambi zvebasa votsvaga mabasa anobuda munzvimbo idzodzo.



**6. Mwana wangu achawana rubatsiro here pautano hwemuviri neutano hwepfungwa?**

Hongu. Utano hwemwana wako nekugara kwake zvakanaka zvakanakosha chaizvo uye ndipo pane pfungwa dzedu patinenge tichishanda navo. Kuwedzera pakuvabatsira nezvinenge zvichidiwa pahutano hwavo hwemuviri (semuenzaniso nekuvaendeswa kunoonekwa navanachiremba,

kuvabayisa nhomba, nekunoonekwa navanachiremba vemazino), tinotsigirawo kuti mwana wako ave nehutano hwepfungwa. Urongwa hwenzvimbo hunosanganisira



kugara kwevana vachipiwa mazano anovabatsira kuva neutano hwepfungwa, uye hunosanganisira kuonana kwachiremba nemwana ari pake ega uye kupiwa mazano kunoitwa vana vari boka. Mwana paanotanga kusvika panzvimbo, achaongororwa kuti paonekwe kuti mwana wako angafanira kupiwa mazano echii. Vana vanokwanisawo kukumbira zvikamu zvekuwedzera zvekupiwa mazano kana vachiona kuti vanoda rumwe rubatsiro, kana kuti vachida kugadzirisa zvimwe zvinenge zvamuka panguva iyoyo.

**7. Nei paine mamaneja maviri (2) ari kuona nezvenyaya yemwana wangu?**

OCFS inopa mwana wese maneja wenyaya yake anoona nezvenguva yemwana panzvimbo uyewo mumwe maneja wenyaya yake anoona nezvekupinda kwake munharaunda. Mamaneja enyaya yake ari maviri anoverengerwa muchikwata chiripo kubatsira mwana. Chikwata ichocho ndicho chinoronga, chinotungamira, uye chinotsigira mwana mukupinda kwake munzvimbo nepakudzokera kwake munharaunda.

**8. Mwana wangu ava nemakore 18 ekuzvarwa uye hapana chaanoda kuti ndizive; OCFS ingandibatsira sei?**

Kana mwana ava nemakore 18, pamutemo anenge ave munhu mukuru uye anotenderwa kuzvisarudzira kuti anoda kuudza ani zvinhu uye kuti anoda kuti mhuri yake izive zvakanakanda sei. Chokwadi, izvi zvinogona kuomera mhuri dzinenge dzajaira kuudzwa zvese nezvevana vavo kana kuti dzinoda kugara dzichitaura nevana vavo. Chikwata chinobatsira vana chinogona kushanda nemwana ayaruka pamwe chete nevabereki vake kuti varambe vaine hukama hwakanaka nyangwe mwana asingade kuvapa mashoko.

**9. Kana mutongi akataura kuti mwana achaendeswa kuOCFS kwemwedzi 18, zvinoreva here kuti “anenge akavharirwa” kwemwedzi 18?**

Hazvirevi hazvo izvozvo. Mwana anenge aendeswa kunzvimbo nedare renyaya dzemhuri anogona kubudiswa zvichitevera kutevedzwa kwezvinenge zvatarwa, zvichitsamira pamaitiro emwana, unyanzvi hwebasa hwaava nahwo, zviri kudiwa pakurapwa kwake, uye kushandizana kuri kuitwa nemhuri yake. Nguva yekuva kwake panzvimbo inosanganisira nguva yaanenge ari panzvimbo yeOCFS kana kuti aine sangano rinotarisa vana UYE nguva yaanenge adzoka munharaunda kumba ari pasi pekuongororwa. Hapana urefu hwenguva inonzi mwana atange apedza pachero chikamu chekuva kwake panzvimbo kunze kwekunge mutongi arayira zvajakajeka urefu hwenguva yaanofanira kuva panzvimbo mumutongo wedare. Mwana anenge atongerwa kugara kuOCFS anogona kubudiswa nguva yaakatongerwa isati yakwana, zvichitsamira pamaitiro ake munguva yaanenge ari panzvimbo.

**10. Kuwedzera kwenguva yemwana ari munzvimbo zvinoreva here kuramba achigara panzvimbo?**

Kwete nguva dzese. Nguva yekuva munzvimbo inogona kuwedzera kuitira kuwanisa mwana kutarisirwa kwakawedzera kwemunharaunda kana kuti musangano rinorera vana zvichitsamira pazviri kuitika kumwana. Mwana anogonawo kuwedzera nguva ari panzvimbo nekuti anenge asati asvika nguva yekuti abve panzvimbo yeOCFS uye achida nguva yekuwana unyanzvi hwekuwedzera hwekuita zvinhu uye rutsigiro.

**11. Kuzivikanwa pauri pachishandiswa muchina (Pachirungu, Electronic Monitoring -EM) “kuva musungwa anogara pamba pake” here?**

Kwete, EM hakusi kuva musungwa anogara pamba pake. Panoitwa EM mwana anofanirwa kupfekedzwa muchina unotevedza kuti mwana ari papi munharaunda panguva dzese. Vana vari paEM vanobvumirwa kunge vari panzvimbo dzakati — semuenzaniso pamba, kubasa, kuchikoro uye/kana kudzimwe nzvimbo dznobvumirwa munharaunda. Mwana anofanirwa kupfeka EM, uyezve muchina wacho unofanirwa kugara wakachajwa, achitevedzera mitemo yakabvumiranwa nemushandi wenyaya yake weCommunity Multi-Services Office (CMSO).

**12. Kana nguva yemwana wangu yeOCFS yapera ndinofanirwa kudzokera naye kumba here?**

Kana kudzokera kumba kusina kunyatsokodzera, OCFS ichabatsira kutsvaga kumwe kwekuti mwana adzokere munharaunda zvakanakisisa. Zvisinei, zvinonyanyodiwa neOCFS ndezvekuti mwana ari pasi pemakore 18 adzoserwe kumba uye/kana

kumunhu wemumhuri kana zvirizvo zvakanyanya kukotseka uye zvakanyanyotsiga kumwana wacho. Nyangwe mwana adarika makore 18 ekuzvarwa, vabereki kana vachengeti vake vepamutemo vanofanirwa kunge varipo panorongwa nezvekubviswa kwemwana paOCFS achidzokera munharaunda.

**13. Mwana wangu anogona kubudisirwa kurimwe guta here?**



Hongu. Chibvumirano chinonzi Interstate Compact for Juveniles (ICJ) – chibvumirano chepamutemo chakaitwa nemaguta ese anokwana 50, nedunhu rinonzi District of Columbia,

nezvitsuwa zvinonzi US Virgin Islands – chine mirau inotendera vana vari kuchengetwa pasi peutariri hwedare kutamirwa kurimwe guta.

**14. Chii chinonzi kutarisirwa kwepashure? Haisi nguva yekuedza mwana here?**

Kutarisirwa kwepashure kunosanganisira sevhisu yekutsigira mwana kunoitwa neOCFS uye kutariswa kunoitwa mwana anenge adzorera munharaunda pashure pekuva panzvimbo yeOCFS. Masevhisi ekutarisirwa kwepashure anoshandawo pavana vanenge vaiswa munzvimbo yeOCFS asi vorayirwa kugara pamusha unogara boka kana pasangano rinorera vana. Izvi zvakasiyana nezvinoitwa panguva yekuedza munhu, izvo zvinoreva rutsigiro uye kutariswa munharaunda kunoitwa nemapurisa mwana wacho asati aiswa kuOCFS. Kuedza munhu kwemunharaunda kunoitwa nemapurisa hakunei chekuita nekutarisirwa kwepashure kunoitwa neOCFS.

**15. Mwana wangu akamiswa nemukuru mukuru asati aendeswa kuOCFS. Iye zvino, dunhu rechikoro harichamutenderi kudzoka, kunyange zvazvo ave ari kunze kwedunhu racho kwemwedzi 12. OCFS inokwanisa kubatsira here?**



OCFS haikwanisi kuita kuti mwana amiswe nedunhu rechikoro. Zvisinei, OCFS inokwanisa kupa mazano ekuti poitwei kana mwana aine dare raachagadzwa nemukuru mukuru kana kuti paine dare raari kufanira kugadzwa asi achiri akachengetedzwa neOCFS.

**16. Kana mwana wangu ari kuchinjwa achiendeswa kuNew York State Department of Corrections and Community Supervision (DOCCS), zvichatora nguva yakareba sei kuti ndiziviswe nezvekuchinjwa kwake?**

Kana mwana aine makore 21, OCFS inozivisa mhuri yake zuva raanochinjwa. Mhuri dzinofanirwa kuziva kuti pamusana penhau dzekukotseka nedzekuchengetedzeka, kana mwana ari kuchinjwa achiendeswa kuDOCCS asati asvitsa makore 21, OCFS haikwanise kuzivisa mhuri nevadikani mwana asati achinjwa kuenda kuDOCCS. Mwana paanongosvika kunzvimbo yeDOCCS yekwaachagamuchirwa, DOCCS inobva yabata mhuri nevadikani vemwana. Gwaro rinonzi Chiziviso Chekuchinjirwa kuDOCCS nereKodzero Yekukwidza Nyaya rinotsanangura matanho ekutora kana muchida kukumbira OCFS kuti ifunge zvakare nezvekuchinjira mwana kumwe.

**17. OCFS inokwanisa here kupa ruzivo maererano neDOCCS?**

Hongu, tinokwanisa kukubatsirai pane zvimwe zvinhu, asi zvizhinji zvamunokwanisa kubatsirwa nazvo nezveOCFS zvinowanikwa pa <https://doccs.ny.gov/visitors>.